B.G.NO.1037.

S. LALAMPAHANIPUN
BANDUNG BANDAWASA.
B.G. 1037.

BG
37
B.G
1037

QPCARD 101 v3
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bib.Id : 0010-1107002021
Item.Id : 0000193262

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

QPCARD 101 v3
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
QPCARD 101 V3

B. G. no. 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

QPCARD 101 V3

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B. G. no. 1037.

TJARANGAN BABAD.

NJARIOSAKEN LALAMPAHANIPOEN BANDOENG-BONDAWASA, SAHA KAWITIPOEN WONTEN TIJANG KALANG HOBONG.-

---

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

QPCARD 101 V3

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

TJEKAKAN TJARIJOS LAMPAHANIPOEN BANDOENGBANDAWASA SAHA KAWITANIPOEN WONTEN TIJANG KALANG. KADOS ING NGANDAP POENIKA BOEBOEKANIPOEN.

Katjarijos, kala djamanipoen karaton Maospahit, djoemenengipoen Praboe Djaka-Soesoeroeh Brawidjaja ingkang kapisan, paparenganing lampahan ing Bandawasa wonten satoenggaling pandita ingkang gentoer tapanipoen, saged mandjing adjoer-adjèr sarta sasabdanipoen dados, oetawi ingkang kasedya wonten, ingkang kinarsan dateng, sasat sampoen halingga batara, pantes namanipoen Sang Resi Soenjata, Sang pandita waoe katjarios gadah anak djaler namoeng satoenggal, toer warnanipoen kalangkoeng awon wewah tjatjad tanganipoen téklé ingkang kiwa, mila ladjeng dipoen namani Sang Djaka Bandoeng, amargi awoning warna waoe katjipta saking bebendoening Déwa, nanging sarèhning anaking pandita soedibya, dados inggih boten béda kalian bapa, sami déné saged mandjing adjoer-adjèr, sarta sakalangkoeng sangking sakti.

Kala samanten Bandoeng kalangkoeng kapéngin badé soewita ing ratoe, ladjeng kalampahan pamit dateng bapakipoen, nanging bapakipoen ing batos boten soeka, sareng anakipoen adreng wekasan dipoen toeroeti, kalampahan Bandoeng medak saking patapan, mangkat dateng nagari Mahospahit.

Katjarios Sang Praboe Brawidjaja mios siniwaka ing sitibentar, pepak wadya-bala ingkang sami sowan. Samanten Sang Praboe dèrèng ngantos ngandika Djaka Bandoeng dateng doemrodjog tanpa larapan, ladjeng sowan ing ngarsa nata, wasana Ki Patih kakarsakaken andangoe, pinongka toewin nama poenapa déné sedyanipoen. Djaka Bandoeng mangsoeli sadaja pandangon wahoe, wasana ladjeng sampoen katampèn pasoewitanipoen Djaka Bandoeng.

Toemoeten sang praboe ngandika dateng patih, Ki Patih kakarsahaken oendang-oendang dateng wadya poenggawa sadaja, sinten ingkang kadoegi kaoetoes dateng Padjadjaran , sadinten toelak wangsoel, jèn wonten ingkang saged badé angsal tariman/ poetranipoen sang praboe, nama Dèwi Sekarkoemoening, nanging karsa dalem wahoe sareng sampoen dipoen oendangaken, atoeri-

poen

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

poen wadya bala boten wonten ingkang kadoegi, atoeripoen warni-warni, wonten ingkang sagah sawoelan, wonten kalih dasa dinten, wonten sadasa dinten, wonten sapeken, wonten saweneh ingkang kalih dinten, toemoenten Djaka Bandoeng sagah bedoeg toelak wangsoel, sareng kahatoeraken Ki Djaka ladjeng dipoen dawoehi,kakarsahaken moendoet widji dateng Harja Bangah, Ki Djaka matoer sandika ladjeng moendoer saking panangkilan, ladjengan kémawon mantoek kapanggih bapakipoen, saha ladjeng njariosaken sadaja dawoehipoen sang praboe,bapakipoen sareng mireng oegi andjoeroengi,namoeng weweling. Jèn piambakipoen kalampahan angsal tariman poetrining nata sampoen èngga-lèngga badé awor djiwa, kawawasa ingkang waspada kanti paneda roemijin, amargi katjarios sang radja poetri wahoe sakalangkoeng wingit-tipoen, tangèh tijang ingkang saged koewawi mengkoni, kang poetra mitoehoe ladjeng pamit.Katjarios ladjeng pangkat sang-king Bondawasa, saking kasaktènipoen Ki Djaka sakedèp nétra sampoen doemoegi ing Padjadjaran,sampoen kapanggih sang Harja Bangah, saha Ki Djaka ladjeng matoer, jèn kahoetoes Sang Pra-boe Brawidjaja, sang Harja Bangah ladjeng tampi, amargi rikala roemijin sang praboe sampoen ngandika piambak, Toemoenten Djaka Bandoe dipoen paringi boemboeng ingkang katoetoepan ra-pet, sarta kaweling wonten ing margi sampoen ngantos kabikak toetoepipoen, Ki Djaka atoeripoen sandika ladjeng pamit wang-seel. Harja Bangah nglilani, Ki Djaka ladjeng moendoer pang-kat saking Padjadjaran.

Sadangoenipoen boemboeng kabekta, Ki Djaka ing manah boten saged andoegi isinipoen, amargi tansah kapireng swara-nipoen sakalangkoeng goemoeroeh, kados déné oengeling satoké-wan ingkang warni-warni, saking kaderenging manah badé soeme-rep dados nerak welingipoen Harja Bangah, saweg samanten doemoegi satengahing wana, boemboeng kabikak toetoepipoen, ladjeng wonten swara moengel,rob,rob,rob, sareng Djaka Bandoe mireng swara makaten wahoe boemboeng ladjeng katoetoep malih sarwi ngladjengaken lampah, wasana wana ladjeng katelah nama wana Roban doemoegi sapriki.

Samanten Djaka Bandoe lampahipoen doemoegi sakilèn Pragi,

taksih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

taksih dèrèng lega manahipoen, déné dèrèng saget soemerep kanjatahanipoen ingkang wonten ing boemboeng, dados toetoepipoen boemboeng ladjeng kabikak malih, toemoenten wonten swara moengel,sot,sot,sot, Djaka Bandoe goegoep boemboeng ènggal katoetoep sarwi ngladjengaken lampahipoen, wasana katelah doemoegi sapriki panggénan wahoe nama Brosot, kadjawi poenika wonten sanèsipoen panggénan , ingkang namanipoen kabekta sangking rikalanipoen Djaka Bandoe ambikak boemboeng ingkang kabekta wahoe.

Katjarios Djaka Bandoe doemoeginipoen Mahospahit, Sang Praboe Brawidjaja taksih lenggah siniwaka, sadaja ingkang sowan sami kagèt toemingal datengipoen Djaka Bandoe, wasana ing manah sami mahiben, kakinten dora jèn sahèstoe sampoen doemoegi ing Padjadjaran, nanging sarenǧ matoer sarèhning dinoeta sarta njaosaken boemboeng ing sang praboe, sanalika wadya bala sami héran angoengoen , déné samanten kasaktènipoen Ki Djaka Bandoe.

Samanten boemboeng ladjeng kabikak toetoepipoen déning Sang Praboe, nanging boemboeng sampoen boten wonten isinipoen, wekasan Sang Praboe kalangkoeng doeka, Djaka Bandoe jèn boten saget mangsoelaken isinipoen badé kapedjahan, sarta boten tamtoe angsal tariman poetrining Sang Praboe,toemoenten Djaka Bandoe matoer jèn sagah mangsoelaken, ladjeng moendoer sangking ngarsa nata, doemoegi ngaloen-aloen kèndel wonten tengahing wringin sengkeran, Djaka Bandoe ladjeng moedja semèdi, boten dangoe katarima ing Déwa, sanalika sawarnining sato-kéwan sami dateng, doeloer seloer boten pedot,sakedap ing ngaloen-aloen kèbekan, swaranipoen kapireng pating galero pating djalerit anggigirisi, nanging sadaja sato-kéwan wahoe boten wonten ingkang angganggoe tijang, amargi adjrih dateng Ki Djaka Bandoe.

Samanten Sang Praboe saha wadya bala sami kahéraman,soemerep kadibyanipoen Djaka Bandoe, wekasan sareng sato-kéwan sampoen ngalempak sadaja Ki Djaka ladjeng sowan ing byantara malih, ladjeng kadawoehan panarima ing damelipoen, sarta satokéwan ladjeng kinèn noendoeng dateng ing wana-wana ingkang taksih sepen, makaten malih oegi ladjeng badé dipoen laksanani

hoebajanipoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

hoebajanipoen Sang Praboe, wasana Sang Praboe kondoer kadaton, Djaka Bandoe kabekta dateng Kapatijan, ènggalipoen ladjeng sampoen kadahoepaken kalian Dèwi Sekarkoemoening, ananging Sang Radja-poetri sanget anggènipoen boten remen, amargi Djaka Bandoe kalangkoeng awon warninipoen, wewah tjatjad-tangani-poen ingkang kiwa téklé, nanging sanadyan boten makaten, Djaka Bandoe inggih dèreng poeroen badé awor djiwa kalian Sang Radja Poetri, amargi ènget welingipoen bapa, dados sampoen pinten-pinten daloe poenika Djaka Bandoe namoeng tengga ing dagan-kémawon, jèn Sang Radja Poetri noedjoe saré, paparenganipoen samanten wonten sawer medal saking sariranipoen Sang Radja Poetri,nanging Djaka Bandoe boten soemerep sangkanipoen, dados namoeng kakinten jèn sawer badé angganggoe kémawon,wasana Ki Djaka narik kadga sawer dipoen larihi kénging djangganipoen teroes pedjah kapisanan, nanging kwandaning sawer ladjeng sirna boten kantenan, sareng-sareng kalian kagetipoen Sang Radja Poetri déning kasrèmpèd solahing sawer rikala kataman dadamel wahoe, samanten Sang Radja Poetri sareng soemerep Djaka Bandoe njepeng doewoeng ligan, ladjeng kakinten jèn badé njidra dateng sariranipoen , wasana Sang Dèwi Sekarkoemoening ladjeng adjrit sarwi loemadjar kapanggih ingkang rama, saha ladjeng ngatoerakan kawontenanipoen wahoe, sanalika Sang Praboe kalangkoeng doeka, Ki Djaka Bandoe ladjeng katoendoeng sangking salebeting kadaton. Wekasan mantoek kapanggih bapakipoen, saha njariosaken lalampahanipoen sadaja, samanten Sang Pandita sareng mireng ingkang poetra malah dipoen doekani, déning teka kasamaran pamawasipoen, amargi ingkang miminda warni sawer wahoe bapakipoen piambak, menggah karsanipoen pantjèn anggoda, jèn Djaka Bandoe saget tegoeh toemoenten saget kalampahan awor djiwa kalian Sang Radja Poetri, nanging sareng taksih gingsir ing manah mandar dados alangan. Pinasti Djaka Bandoe badé manggih lalampahan ingkang tjintraka. Sareng ingkang poetra mireng doekanipoen bapa sakalangkoeng adjrihipoen ladjeng anangis, sarta sanget anggènipoen njoewoen pangapoenten. Nanging bapakipoen boten poeroen ngapoenten, malah witjanten: Hambok nalosora kaja hoela akoe moh ngapoera, sanalika Djaka

Bandoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Badoe djleg warni sawer kalangkoeng agengipoen, toemoenten katoendoeng déning bapakipoen, Djaka Bandoe ladjeng késah sangking patapan sapoeroeg-poeroegipoen.

Samanten Djaka Bandoe kèndel wonten ing bengawan, amalang kados déné bendoengan, déné ingkang kasedya mila dadosa tapanipoen, saged loewar saking anggénipoen nandang tjintraka warni sawer wahoe,sarta kinten-kinten inggih awit poenika Djaka Bandoe anggènipoen kaseboet nama Bandoeng Bondawasa, amargi tegesipoen bandoeng:poenika ambok manawi bendoeng. Bonda:Ageng,tangsoel. Wasa:saged, digdaja,koewat,wana,hara-hara. Dados soerahosipoen Djaka ingkang saged dados bendoengan ageng.

Déné paparenganipoen ing wekdal samanten, sakatahing tijang padoesoenan ingkang tjelak-tjelak ing rikoe saweg badé grama wéda, tegesipoen bresih doesoen, oetawi moemoelé padoesoenan, nanging sakatahing tijang ingkang soemerep boten wonten ingkang anginten poenika jèn sawer, namoeng kakinten bendoengan toewin galinggang tiban kémawon,mandar dados soekanipoen déné saged wira-wiri langkoeng lèpèn boten mawi njabrang, saweneh wonten ingkang sami ngaso wonten ing awaking sawer wahoe, samanten wonten ingkang awon nganggoer memetjèl bamboe doemadakan lepat pametjèlipoen, wasana dadamel doemawah ing ngawak sawer ladjeng moentjar medal rahipoen, ingkang memetjèl kagèt, dados ladjeng kanjana jèn poenika daging étja kateda, toemoenten metjèl sakedik ladjeng kahoetjal, sareng tétéla poenika daging ladjeng tijang sadoesoen sami rebatan anggènipoen mendet,wekasan angganing sawer telas sanalika, poenika Bandoeng ladjeng pari-poerna itjal tjintrakanipoen, wangsoel dados manoengsa malih, mandar ing samangké mantoen téklé.

Sarèhning Bandoeng wahoe mentas loewar saking tapa padaranipoen kraos loewé, ladjeng neda sekoel dateng padoesoenan, nanging paparenganipoen boten wonten tijang ingkang njoekani, mongka wekdal wahoe patjèn katah sekoel, toemoenten wonten satoenggal nini-nini ngoeloengi sekoel djangan,ladjeng kateda déning Bandoeng , sasampoenipoen Bandoeng weling dateng nini-nini jèn samongsa wonten ramé-ramé tijang sepoeh wahoe kinen ladjeng noempak lesoeng kalijan bekta èntong, soepados wiloedjeng, tijang

tijang sepoeh mitoehoe, Djaka Bandoeng ladjeng moeroegi raré-raré ingkang sami noedjoe dolanan, ladjeng nantjebaken sada ing siti sarwi pasang giri, sinten ingkang saged ambedol, raré-raré sareng mangsoeli sami kadoegi, ladjeng gentos-gentos madjeng nanging sada boten kabedol, wekasan rèhning kapireng ramé-ramé ladjeng para tijang sepoeh sami dateng, saha sampoen sami njoemerepi prakawis wahoe, ladjeng gentos-gentos madjeng, nanging sada oegi boten kabedol,toemoenten Bandoeng piambak kahatag, sareng sada kabedol tilasipoen ladjeng mantjoer medal tojanipoen, saja dangoe saja ageng, sanalika tijang sa-doesoen sami dateng ningali, nanging sareng soemerep wedaling toja saja ageng ladjeng kagégéran, boten dangoe doesoen andjemblong dados rawa, katah tijang ingkang pedjah, namoeng nini-nini ingkang njoekani sekoel dateng Bandoeng wahoe ingkang wiloedjeng, amargi ladjeng noempak lesoeng kalijan welah èntong, inggih poenika mitoeroet welingipoen Bandoeng, wasana tijang sepoeh ladjeng saged minggir saking satengahing rawa, déné rawa wahoe wonten sawenèhing tijang ingkang mastani, inggih poenika ingkang nama rawa Pening, wasana soemongga.

Katjarios Djaka Bandoeng sakésahipoen sangking rikoe ladjeng dateng doesoen Ngradoesari, ing rikoe wonten satoenggaling rara ingkang sampoen lola, saha boten kaseboet namanipoen, dados namoeng katelah rara Ngrandoesari, saweg samanten sampoen katah tijang djaler ingkang badé mendet sémah, nanging piambakipoen loemoeh anglampahi, milaloe wonten ing grija tanpa rèntjang, déné pakarjanipoen rara wahoe sadintendinten namoeng nenoen sindjang wonten ing panggoeng, rèhning panggénanipoen wahoe tjelak kalijan rawa hènggal dados katoet keleban toja, sanadyan boten patos lebet nanging andadosaken kasoesahanipoen rara, paparenganipoen samanten wewah teropong tenoenan dawah dateng toja, dados ni rara sanget anggènipoen karoronta sarwi karoena,amargi sangking tjapéning sarira roemaos boten kadoegi badé mendet piambak, wekasan kawedal witjantenipoen. Sinten-sinten ingkang saget mendetaken taropong wahoe, jèn djaler kaaken sémah jen èstri kaaken sadèrèk. Samanten Bandoeng sareng mireng sambatipoen ni rara kalang-

koèng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

oeng ladjeng moeroegi
anan, ladjeng nantjebaken
inten ingkang saged ambe-
ami kadoegi, ladjeng gen-
ten kabedol, wekasan rèh-
ra tijang sepoeh sami da-
prakawis wahoe, ladjeng
a oegi boten kabedol, toe-
sareng sada kabedol tilasi-
poen, saja dangoe saja à-
sami dateng ningali, nanging
a ageng ladjeng kagégéran,
dados rawa, katah tijang
ingkang njoekani sekoel
pedjeng, amargi ladjeng
ong, inggih poenika mitoe-
tijang sepoeh ladjeng sa-
wa, déné rawa wahoe wonten
, inggih poenika ingkang
a.
késahipoen sangking rikoe
i, ing rikoe wonten satoeng-
saha boten kaseboet namani-
Ngrandoesari, saweg samanten
ng badé mendet sémah, na-
pahi, milaloe wonten ing
anipoen rara wahoe sadinten-
nten ing panggoeng, rèhning
an rawa hènggal dados katoet
s lebet nanging andadosaken
poen samanten wewah teropong
ni rara sanget anggènipoen
ngking tjapéning sarira roe-
ambak, wekasan kawedal wi-
ng saget mendetaken taropong
n èstri kaaken sadèrèk.
ambatipoen ni rara kalang-
koèng

koeng welas ladjeng soemedya mitoeloengi nanging malih warni sagawon, sasampoenipoen teropong katjakot ladjeng minggah dateng panggoeng, rèhning sagawon malian dados boten angèl, sareng teropong kasoekakaken ni rara langkoeng gegetoen, midoehoeng witjantenipoen ingkang sampoen kawedal, dados ladjeng saja sanget kararantaning manah sarwi tan pegat anangis. Tjiptanipoen poenapa inggih kalampahan badé sésémahan kalian sagawon, saoepami njélakana sampoen boten saget, sarta segawon semoenipoeh inggih kados anagih djandji, wonten ing ngadjengipoen ni rara tansah krengah krengih sarwi kopat-kapit boentoetipoen, wasana ni rara samanten roemaos pedjah tanpa kahin, tamboeh-tamboeh solahipoen.

Katjarios, doemoegi serap soerja ni rara taksih anangis, dados Djaka Bandoeng kalangkoeng welas, sarta sampoen soemerep sabab kasoesahanipoen ni rara, doemèh piambakipoen warni sagawon, mila Djaka Bandoeng ladjeng ngroetjat warnining sagawon, wasana ladjeng warni manoesa malih, sanalika ni rara ladjeng kapintjoet manahipoen, toemingal bagoesipoen Bandoeng,ènggalipoen ladjeng kalampahan awor djiwa sakalian, nanging sareng hèndjing Bandoeng ladjeng warni sagawon malih, malah ladjeng salaminipoen makaten, jèn daloe Bandoeng dados manoesa sijang dados sagawon, mila sakatahing tijang boten wonten ingkang nginten, jèn sagawonipoen ni rara poenika pantjèn manoesa, namoeng kakinten sagawon ingkang saéstoe.

Hènggalipoen ni rara kalampahan wawrat, saladjengipoen gadah anak djaler inggih warni manoesa, namoeng katjarios ing silit kodok mawi gatra kados poking boentoet makaten, déné raré waoe ladjeng dipoen namani Djaka Kalang, doemèh panggenan ngrikoe kalangan toja, namoeng jèn mongsa katiga wonten soedaning toja sawatawis, paran déné saking pitoeloenging dèwa Ki Djaka kalis ing sasakit, hènggalipoen sareng sampoen ageng asring takèn dateng bijoengipoen. Bapakipoen sinten lan dateng poendi? déné Ki Djaka dèrèng naté soemerep. Bijoengipoen sareng mireng pitakèning anakipoen, sanalika manahipoen sanget karoronta, jèn walèha sadjatosipoen kados boten anakipoen kalingseman. Dados anggènipoen mangsoeli sarwi ngedalaken loèh, sarta kahapoes-kra-

ma makaten

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ma makaten. Bapakipoen nama Bandoeng Bondawasa, mila boten naté mantoek amargi ngabdi Sang Praboe Brawidjaja wonten ing Mahospahit, sareng anakipoèn mireng wangsoelaning bijoeng tekanarima manahipoen.

Katjarios, kala samanten Ki Djaka sampoen wantji koemala-kala, karemenanipoen saben dinten ambebedag sato wana oetawi mèmèt mina, menggah kawanteranipoen angébat ébataken, jèn soemerep sangsam toewin handapan poenika ladjeng kabledig kémawon, sarta jèn sampoen katjepeng koewawi ngembari karosanipoen,sanadyan kalian kéwan wana ingkang galak-galak Ki Djaka boten adjrih, samanten Ki Djaka noedjoe badé amboedjoeng andapan ingkang kalangkoeng ageng, paparenganipoen sagawon mamalianipoen Bandoeng soemerep, ladjeng ing batos anakipoen dipoen penging, sampoen kaladjengaken anggènipoen boedjoeng andapan waoe, sarwi sagawon njegat-njegat pladjaripoen Ki Djaka, wekasan Ki Djaka tansah kagol pamboedjengipoen andapan, amargi dipoen ribedi sagawonipoen, toemoenten sagawon dipoen bentoer kalian sila kénging sirahipoen,ladjeng pedjah kapisanan wonten ing pinggir lèpèn, toemoenten Djaka Kalang doemoegèkaken boedjoeng andapan, nanging boten katjepeng; amargi salebetipoen medjahi sagawon waoe andapan paladjaripoen sampoen tebih, dados Ki Djaka kétjalan latjak, wekasan ladjeng mantoek dateng grijanipoen,. Déné Bandoeng sareng sampoen wangsoel dados manoesa ladjeng dateng Mahospahit, kapanggih kalian Dèwi Sekarkoemoening, nanging mawi lampah siliban kados déné pandoeng.

Samanten Ki Djaka Kalang sampoen tjarios dateng bijoengipoen, jèn sagawonipoen dipoen pedjahi,sarta sababipoen sampoen dipoen tjariosaken, sareng bijoengipoen mireng ladjeng adjrit anangis, sarwi soeka priksa malèhaken manawi poenika satoehoening bapakipoen, déné ing ngadjeng tjarios jèn ngabdi dateng Mahospahit, poenika namoeng kanggé kekelir kémawon, soepados piambakipoen sampoen kalingseman, ananging sagawon waoe jèn daloe oegi ladjeng warni manoesa, wasana Ki Djaka sareng mireng witjantening bijoeng kalangkoeng isin mérang ing manah, ngraos jèn piambakipoen poenika anak sagawon, dados ladjeng késah tanpa pamit, katjarios Ki Djaka ladjeng tapa, boten mantoek-mantoek

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

toek-mantoek.

Bijoengipoen sareng Ki Djaka boten mantoek-mantoek sakalangkoeng soesah manahipoen, sangking boten saged ngraosaken ladjeng milaloe pedjah, sarèhning tebih tongga dados bangkènipoen boten wonten ingkang ngoepa-damel, samanten boten katjarios laminipoen, Ki Djaka anggènipoen tapa sampoen katarima, ladjeng boten béda kalian bapakipoen, sami oegi saget mandjing adjoer-adjèr, sarta ladjeng angsal wangsiting déwa, Ki Djaka kinèn soewita dateng Mahospahit, amargi Sang Praboe Brawidjaja kasengkelan ing panggalih, déning karatonipoen kahambah ing pandoeng agoena, boten wonten satoenggal poenggawa ingkang saged njepeng, kadjawi namoeng piambakipoen, sarta ing rikoe badé kapanggih kalian bapakipoen ingkang satoehoe, nanging sadérèngipoen Ki Djaka mangkat dateng Mahospahit, kinèn neda pangèstoe roemijin dateng bapa bijoengipoen ingkang sampoen sami tilar doenja, sarta mawi sarana betoetoe mahisa ing nglebet kahisénan gambaring bijoengipoen, ladjeng kabesema dateng pinggir lèpèn, kaleres panggénan pedjahing sagawon waoe, sareng-sareng kalian koewandaning bijoengipoen, poenapa déné mawi sadjèn warni-warni kados déné sadjèning tijang karoewat, wasana Ki Djaka sareng mireng wangsiting Déwa makaten waoe ladjeng ngloewar tapa mantoek dateng grijanipoen , kapanggih bijoengipoen sampoen pedjah nanging saweg samanten namoeng kantoen baloeng kémawon, dados boten tjidra wangsiting déwa, wekasan ladjeng sampoen dipoen laksanani sadaja, Ki Djaka damel sarana betoetoe mahisa ing nglebet mawi gambaring bijoengipoen, sarta sadjèn-sadjèn sampoen boten kikirangan, ladjeng kabekta dateng pinggir lèpèn kaleres enggèn pedjahing bapa, sareng sampoen betoetoe ladjeng kabesem sareng-sareng kalian baloenging bijoeng.

Menggah ingkang makaten waoe, ladjeng dipoen loeloeri déning sakatahing tijang kalang, jèn pedjah bangkénipoen kedah, kapetak ing pinggir lèpèn, sarta jèn marengi séwoe dintenipoen poenapa déné jèn gadah panoewoen dateng loeloehoer ingkang kakoeboer wonten ing rikoe, poenika mawi sarana betoetoe mahisa sarta gambaripoen ingkang dipoen moemoelé, kadjawi poenika kedah katah wragadipoen , amargi boten namoeng katahing sadjèn 2

kémawon

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kémawon, mawi damel karamèjan wonten pinggir lèpèn kados dénè tijang mantoe makaten, namoeng sareng bakdanipoen karaton Mahospahit padatanipoen tijang kalang ingkang makaten waoe ladjeng boten kalampah, amargi pandjenengan ratoe sampoen agami éslam, dados katah karikoehanipoen, déné babagan ingkang makaten poenika kahawisan ing agami, nanging saking kekahing tijang Kalang anggènipoen kedah ngloeloeri inggih ladjeng dipoen lampahi siliban, namoeng ambesem gambar kalijan sadjèn warni djenang djenangan sawatawis, sarta katoedjokaken jèn. sampoen sepen tijang, menggah padatan ingkang makaten poenika taksih kalampahan déning tijang Kalang, saingga doemoegi sapriki.

Saking tjariosipoen tijang tanah wétan, panggénan pambeseming sagawon kadadosanipoen Bandoeng poenika wonten ing redi Bokong, kaleres soekoenipoen redi Kawi, dados salèr kilènipoen kita Malang, poenika jèn marengi kala mangsanipoen pambeseming koenarpa doemadakan wonten toema sagawon ingkang tanpa kinten-kinten katahipoen, inggih wonten sakiwa tengening pambeseman waoe.

Kadjawi poenika wonten malih padatanipoen tijang Kalang ingkang sahirip taksih moemoendi ing sagawon,kadosta: Saoepami kasangsaran toewin kahapesan poenapa déné kangélan anggénipoen ngoepa-djiwa, poenika ladjeng gadah panoewoen mawi sarana djogan salebeting grija dipoen soekani hawoe sadaja, oetawi sadjèn-sadjèn ingkang sampoen katamtokaken, ladjeng kahantawisaken sadinten sadaloe, mangké jèn wonten tapakipoen sagawon inggih mratandakaken badé katarima, déné jèn sepen inggih boten angsal panoewoenipoen.

Mangsoeli tjariosipoen Djaka Kalang, sareng sampoen amoemoelé bapa bijoengipoen ladjeng dateng Mahospahit, kapareng Sang Praboe noedjoe siwaka,andangoe dateng Patih. Poenapa wonten tijang ingkang sagah njepeng pandoeng agoena, atoering Patih boten wonten, amargi pandoeng jèn kaboedjeng ladjeng itjal boten kantenan, samanten sareng Ki Djaka sowan ladjeng katantoen, atoeripoen kadoegi, hènggalipoen Sang Praboe ladjeng kondoer kadaton, Ki Djaka kakarsakaken andèrèk.

Sareng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sareng daloe Bandoeng sampoen malebet dateng kadaton, rèhning samangké sampoen itjal tjintrakanipoen dados katingal bagoes warnanipoen Bandoeng, Dèwi Sekarkoemoening sareng soemerep wekasan remen, malah sampoen dangoe anggènipoen papanggihan kalajan lampah siliban, mila Sang Praboe boten nginten, jèn ingkang mandoeng waoe Bandoeng, namoeng kakinten pandoeng sahèstoe.

Samanten Ki Djaka sareng soemerep Bandoeng ladjeng kaboedjoeng,nanging ladjeng itjal satjelaking baloembang, dipoen oepadosi boten pinanggih, Djaka Kalang ladjeng wangsoel dateng panggénanipoen waoe,nanging ngantos èndjing pandoeng boten katingal malih.

Katjarios makaten waoe ngantos tigang daloe, wekasan Ki Djaka saweg soemerep jèn itjaling pandoeng waoe malebet dateng toja, dados Ki Djaka ladjeng gadah panoewoen ing Sang Praboe, soepados sawarnaning toja salebetipoen kadaton jèn daloe sami kadjagija, Sang Praboe marengaken. Toemoenten sadaja sampoen kalaksanan, sareng Bandoeng katingal ladjeng kaboedjoeng déning Djaka Kalang, badé malebet dateng toja boten saget, amargi sampoen kadjagi déning pradjoerit katah, wekasan ladjeng sapoeróegpoeroeg tansah kaboedjeng kémawon, sanadjan malebeta dateng kajoe watoe Ki Djaka inggih boten kèwedan, wekasan panglaloening manahipoen Bandoeng ladjeng anoetoet, amargi sanadyan katjepenga poenapa Sang Praboe badé karsa ngoekoem, kados boten jèn Sang Praboe manggalih dateng poetra, sabab Dèwi Sekarkoemoening samangké sampoen kasok katresnanipoen dateng Bandoeng, jèn Bandoeng dipoen pedjahi Sang Dèwi sampoen boten nedya kantoen,inggih ladjeng karsa ambélani.

Samanten Bandoeng sampoen kaladosaken ing ngarsanipoen Sang Praboe,nanging Sang Praboe pandoeng, awit Bandoeng bagoes warnanipoen, sareng kadangoe ladjeng matoer balaka, wasana Sang Praboe kalangkoeng gegetoen angoengoen ing galih, dados Bandoeng boten kapatrapan pidananing Sang Praboe,namoeng ladjeng andangoe dateng Djaka Kalang nama toewin bapakipoen. Ki Djaka matoer: Saking tjariosing bijoengipoen sampoen kahatoeraken sadaja, wasana bandoeng sanget kagèt, déné ingkang njepeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

peng poenika anakipoen piambak, dados ladjeng ngaken jèn piambakipoen poenika Bandoeng, wekasan tijang kakalih ladjeng gapyoek ararangkoelan, saking sangeting soeka bingah tijang kakalih sami anangis.

Hènggalipoen Tjarios Bandoeng ladjeng kahangkat dados Boepati, sarta lestantoen angsal tariman Dèwi Sekarkoemoening, ladjeng kapidji ngerèhaken sakatahing tijang toewa-boerǒe toewin sato kéwan ing wana sadaja, Djaka Kalang inggih samanten oegi, sami déné pangawasanipoen kalian bapa, mila doemoeginipoen sapriki tijang Kalang poenika ingkang kahabdèkaken ing ratoe kawadjibanipoen anggarap kadjeng, samoekawis ingkang kagem ing kadaton.-

----$$=I=$$-----

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

os ladjeng ngaken jèn
san tijang kakalih ladjeng
ting soeka bingah tijang

ladjeng kahangkat dados
riman Dèwi Sekarkoemoening,
ning tijang toewa-boeroe
Djaka Kalang inggih saman-
kalian bapa, mila doemoe-
nika ingkang kahabdèkaken
p kadjeng, samoekawis ing-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

QPCARD 101 v3
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

QPCARD 101 | v3

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL

QPCARD 101 v3

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
QPCARD 101 v3

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

QPCARD 101 | v3

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

OpCARD 101 | v3
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA


PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

OpCARD 101 | v3

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
QPCARD 101 v3